

# Mande Benefis Semèn Sèvan ak TeleCert

Ou ka sèvi ak lèn TeleCert Depatman Èd Chomaj (DUA) Massachusetts pou mande benefis chomaj sèmen ou yo Pou sèvi ak TeleCert, rele **617-626-6338** a nenpòt ki lè ant 6:00 a.m. a 10:00 p.m. chak jou.

Pou ke ou ka mande benefis ou yo pa TeleCert lan, w ap oblije gen Nimewo Sosyal Sekirite w ak Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl (NIP) DUA 4-chif ou an. Si ou pa gen yon NIP oubyen ou bliye NIP pou an, rele Nimewo Telefòn Seleksyon NIP lan nan 617-626-6943.

**DUA mete kesyon TeleCert yo a jou. Tanpri byen koute chak kesyon avan ou reponn yo. Fòk ou si ou reponn chak kesyon ak laverite. Kesyon prensipal yo make pi ba a.** Tou depann sou jan ou reponn chak kesyon, ou pral oblije reponn plis kesyon adisyonèl.

**Si ou ta fè yon ere oubyen ou ta vle koute kesyon an anko, peze bouton \* lan.**

## Kesyon Prensipal TeleCert:

1. Pandan semèn lan (*Dat dimanch de semèn y ap mande an*) jiska (*Dat samdi semèn y ap mande an*), eske ou te travay epi fè lajan?  
(Si wi, peze 1. Si non, peze 9.)
2. Pandan semèn lan (*Dat dimanch de semèn y ap mande an*) jiska (*Dat samdi semèn y ap mande an*) eske yo te ofri w yon **nouvo** travay?  
(Si wi, peze 1. Si non, peze 9.)
3. Pandan semèn lan (*Dat dimanch de semèn y ap mande an*) jiska (*Dat samdi semèn y ap mande an*), eske ou te bay demisyon w nan yon travay?  
(Si wi, peze 1. Si non, peze 9.)
4. Pandan semèn lan (*Dat dimanch de semèn y ap mande an*) jiska (*Dat samdi semèn y ap mande an*), eske yo te le yòf ou nan yon travay?  
(Si wi, peze 1. Si non, peze 9.)
5. Pandan semèn lan (*Dat dimanch de semèn y ap mande an*) jiska (*Dat samdi semèn y ap mande an*), eske yo te revoke w de yon travay?  
(Si wi, peze 1. Si non, peze 9.)
6. Pandan semèn lan (*Dat dimanch de semèn y ap mande an*) jiska (*Dat samdi semèn y ap mande an*), eske ou te aplike pou oswa resevwa lajan ke ou p at deklare ba nou, kouwè benefis enfimite/maladi, lajan vakans oubyen rekonpans travayè?  
(Si wi, peze 1. Si non, peze 9.)
7. Pandan semèn lan (*Dat dimanch de semèn y ap mande an*) jiska (*Dat samdi semèn y ap mande an*), eske ou ta kapab travay?  
(Si wi, peze 1. Si non, peze 9.)
8. Pandan semèn lan (*Dat dimanch de semèn y ap mande an*) jiska (*Dat samdi semèn y ap mande an*), eske ou te disponib pou travay ?  
(Si wi, peze 1. Si non, peze 9.)
9. Pandan semèn lan (*Dat dimanch de semèn y ap mande an*) jiska (*Dat samdi semèn y ap mande an*), eske ou te chèche travay?  
(Si wi, peze 1. Si non, peze 9.)

# Enfòmasyon k ap Ede w Regadan Reklamasyon w

## Enfòmasyon Adisyonèl Regadan Reklamasyon w

- Yo peye tout **premye peyman** yon reklamasyon ak yon chèk. Tout lòt peyman yo ap peye swa sou yon kat debi oswa depo direk, depandan de metòd peyman ou chwazi an.
- Si ou pa chwazi depo direk pou metòd peyman w lan, ou pral resevwa yo **Kat Debi MasterCard Depatman Èd Chomaj (DUA)** ki founi pa Bank of America. Pou aktive kat ou an rele Sèvis Kliyantèl Bank of America nan 1-855-898-7292. Pou ranplase kat ou an oswa deklare ke li pèdi oswa yo volè l, tanpri rele Sèvis Kliyantèl Kat Debi an nan 1-855-898-7292.
- Ou ka sèvi ak UI Online nan [www.mass.gov/dua](http://www.mass.gov/dua) pou tchèke nan ki etap ke reklamasyon lan ye. Fòk ou konnen ke li pran apepre 3 semèn pou yo fè tout demach yon nouvo reklamasyon. Si ta gen okenn pwoblèm potansyèl regadan si ou kalifye, DUA pral oblije mande ansyen patwon w enfòmasyon pou rezoud pwoblèm lan.

## Eske ou gen plis kesyon?

Si ou bezwen aplike pou benefis chomaj oubyen ou ta gen kesyon regadan reklamasyon w lan, ou ka gen aksè a UI Online nan [www.mass.gov/dua](http://www.mass.gov/dua). Si ou ta renmen pale ak yon ajan, rele Sant TeleClaim nou an nan **877-626-6800**, oubyen nan **617-626-6800**

Pou asire ke tout moun ka jwenn yon ajan san ke yo pa tan two lontan oswa jwenn sinyal okipe, tanpri respekte eskedil pi ba a. Mèsi pou pasyans ou.

| Si denye chif nimewo Sosyal Sekirite w se: | Jou pou rele TeleClaim lan se: |
|--|--------------------------------|
| 0, 1                                       | Lendi                          |
| 2, 3                                       | Madi                           |
| 4, 5, 6                                    | Mekredi                        |
| 7, 8, 9                                    | Jèdi                           |
| Nenpòt ki denye chif                       | Vandredi                       |



THE COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS  
EXECUTIVE OFFICE OF LABOR AND WORKFORCE DEVELOPMENT  
DEPARTMENT OF UNEMPLOYMENT ASSISTANCE

[www.mass.gov/dua](http://www.mass.gov/dua)